



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU OPÒTINITE FINANSMAN ADISYONÈL POU SEKOU LWAYE FEDERAL

"Nan premye jou a, mwen te angaje pou mwe retire lajan sekou federal pou lwaye epi mete li nan men Nouyòkè yo. Depi lè sa a, nou deja brize enpas biwokratik la ak kwadriple kantite sekou pou pandemi an ki distribye. Avèk 913 milyon dola nan men Nouyòkè yo, kounye a nou fè pati lidè nasyonal yo nan sekou lwaye ki distribye epi nou klase an premye an tèm lajan angaje. Men, ak plis pase 250,000 aplikasyon yo depoze, li klè ke lokatè ak pwopriyetè Eta New York yo toujou kontinye santi enpak ekonomik devastatè pandemi an.

Jodi a, Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of Treasury) an pral kòmanse aksepte aplikasyon atravè Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) pou eta yo ki bezwen fon sekou anplis, epi Eta New York pral soumèt aplikasyon pi vit jan sa posib. Mwen remèsye Prezidan Biden ak Trezò Ameriken an pou opòtinite sa a epi mwen rete angaje pou garanti sekou enpòtan sa a pou Nouyòkè yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)